



# Mobilizasyon Demi-Milyon

## *Yon apèl pou lapriyè / yon apèl pou pale*

### **Gid lapriyè**

*(Desann pi ba pou mizajou chak mwa yo)*

Byenvini, e mèsèi dèske w patisipe nan apèl sa a pou lapriyè pou Legliz Nazareyen. Sa a se petèt yon tan san parèy nan lavi legliz nou an pou pote tout moun ansanm nan peyi Kanada ak Etazini nan lapriyè. Nou chèche Bondye e li deklare ke n'ap jwenn li! Ala yon benediksyon ak yon pwomès nou genyen ki soti nan Bondye vivan nou an.

*Men sa Seyè a di: "Se mwen ki konnen sa m' gen nan tèt mwen pou nou. Se mwen menm Seyè a k'ap pale. Se byen nou mwen ta vle wè, pa malè nou. Mwen ta vle denmen nou jwenn sa n'ap tann lan. Lè sa a, n'a rele m', n'a vin lapriyè nan pye m', m'a reponn nou. N'a chache m', n'a jwenn mwen paske n'a chache m' ak tout kè nou. Wi, m'a kite nou jwenn mwen. Se mwen menm ki di sa.*

**- Jeremi 29:11-14a**

Pandan sezon lapriyè sa a, depi kounye a jiska Pannkòt 2022, nou pral priye pou PWOTEKSYON, DIREKSYON, REVELASYON Bondye pou tèt nou, fanmi nou, pastè nou yo, lidè rejyonal nou yo, lidè kolèj nou yo, ak pou chak moun ki rele tèt yo Nazareyen nan Rejyon USA/ Kanada. Nou mete tèt nou ansanm nan lapriyè pou renouvèlman ak detèminasyon nou nan ministè nou yo pou fè disip nan tout nasyon yo. Gid lapriyè sa a te kreye pou anpil vanyan sòlda lapriyè nou yo atravè rejyon an. Frè ak sè sa yo fòtifye denominasyon nou ak mouvman nan fason nou tout konnen epi nou pa konnen. Yo vrèman apresye!

*"Bondye pa fè anyen men pa lapriyè, ak tou sa ki ladan l".*

*- John Wesley*

## Novanm 2021 (Lapriyè pou PWOTEKSYON)

*Bondye pou nou, kiyès ki kapab kont nou? 37 ...nou plis ke venkè gras ak sila a ki te renmen nou an. 38 Paske, mwen kwè ke ni lanmò ni lavi, ni zanj ni demon, ni prezan, ni tan kap vini, ni okenn pouvwa, 39 ni wotè, ni pwofondè, ni nenpòt lòt bagay nan tout kreyasyon an, yo pral kapab separe nou ak lanmou Bondye ki nan Jezi ki se Kris la, Seyè nou an.*

### - Women 8:31b, 37-39

Bondye Sen, resevwa **ADORASYON** nou.

- Tout sa ki nan syèl la ak sou tè a se pou ou, Seyè, e sa a se wayòm ou an. Nou adore ou tankou moun ki sou tout bagay. (1 Kwonik 29:11b)
- Bondye, ou se Kreyatè linivè a, tout bagay soti nan pouvwa ou.
- Ou se yon gwo wa ki gen pouvwa, epi ki gen glwa, nou adore ou.
- Pa gen lòt Bondye eksepte ou menm.
- Tout louwanj ak adorasyon se pou ou Papa Bondye, nou chante kantik pou fè lwanj ou.

Seyè, nou **KONFESE** peche nou yo ak tout defo nou yo.

- Nou konfese jan nou kapab te pèmèt okipasyon lavi a anvayi nou sou chemen nou avèk ou .
- Gen nan nou ki pa t priye san rete. Seyè padone nou.
- Nou fè efò men nou ka rate mak la pou nou renmen ou ak tout kè nou, nanm nou, ak tout lespri nou.
- Nou gendwa te pèdi tou nan lanmou nou pou pwochen nou jan ou te anseye nou an.
- Seyè, nou konfese si nou te peche nan panse, pawòl, ak aksyon; gen pitye pou nou.

Bondye, nou di w mèsè pou tout sa w fè e w'ap kontinye fè.

- Bondye Papa, nou di w mèsè pou lanmou w ke nou pat merite ak gras ou atravè Jezi ki se Kris la.
- Nou remèsye ou paske ou seabri nou, refij nou, gwo kay kote nou kache a.
- Ou pwoteje nou kont pwoblèm, ou pa janm abandone nou.
- Ou pral fòtifye nou epi ede nou; Ou pral soutni nou ak men dwat ou ki jis. (Ezayi 41:10b)
- Nou remèsye ou pou favè ou ak delivrans nou.

Seyè, nou vin jwenn ou nan siplikasyon enb, koute priyè nou yo.

- Pou pwoteksyon divin ou sou ministè legliz lokal nou yo.
- Nou priye pou inite nan kò Kris la.
- Seyè, kite men pwoteksyon w lan sou chak pastè nan rejyon USA/Kanada.
- Se pou men pwoteksyon w lan etann sou chak lidè nan Legliz Nazareyen !
- Pa kite nou nan tantasyon, men delivre nou anba sa ki mal. (Matye 6:13).

## Desanm 2021 (Lapriyè pou mande DIREKSYON)

*Mete tout konfyans ou nan Seyè a.  
Pa gade sou sa ou konnen.  
Toujou chonje Seyè a nan tou sa w'ap fè.  
Li menm, l'a moutre ou chemen pou ou pran.*

### - Pwovèb 3:5-6

- Seyè, nou remèt kè nou ba ou, se lè nou soumèt konpreyansyon nou ke nou kapab resevwa direksyon ou.
- Nou fè ou konfyans Bondye, nou konnen ou fidèl, se ou menm ki te rele nou.
- Nou mete konfyans nou sèlman nan ou menm, ede nou mete sou kote fason nou yo epi anbrase fason pa ou la nan tout bagay.
- Ede nou wè ak moun ak bezwen ki bò kote nou yo ak je ou, ranpli nou ak gras ou pou ke nou kapab renmen ak sèvi lòt yo.
- Seyè, nou rekonèt ou nan lavi nou, nou kwè nan ou, nou soumèt tèt nou nan fason pa w la.
- Tanpri Bondye, fè chemen nou dwat. Ede nou swiv konsèy ak direksyon ou chak jou.

*Seyè a di: M'a louvri lespri ou sou anpil bagay. M'a moutre ou chemen pou ou swiv la.  
M'a ba ou bon konsèy. M'ap voye je sou ou.*

### - Sòm 32:8

- Seyè, nou anbrase verite w ak direksyon w nan lavi nou.
- Ede nou gen yon lespri ansèyman, swaf pou ou ak fason ou.
- Bondye, nou gen konfyans ke w'ap montre nou chemen an, èske nou ta dwe ale a goch oswa adwat? Ede nou pou nou sansib ak sipò ou.
- Nou konnen ou renmen nou epi ou pran swen nou chak jou. W ap gade epi w ap ede nou nan tout bagay.

*Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l' pou l' sèl chèf legliz la.  
Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.*

### - Efezyen 1:22-23

- Jezi, ou se Mesi a, chèf Legliz la, redanmtè nou an.
- Ede nou soumèt lavi nou ba ou chak jou, epi rekonèt ou kòm chèf Legliz la.
- Seyè, ede nou renmen sa w renmen, ede nou renmen Legliz la epi sèvi l fidèlman.
- Bondye, nou priye pou inite nan Legliz Nazareyen, epi pou nou rekonèt akòz de lanmou nou.

*Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou. Ann kouri avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an.*

**- Ebre 12:1**

## Janvye 2022 (Lapriyè pou REVELASYON)

<sup>14</sup> *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a.*

**- Jan 1:14**

- Bondye Papa, nou kòmanse pandan ke n'ap remèsye w paske w te voye sèl Pitit ou a pou vin delivre nou.
- Bondye, ou te revele tèt ou atravè Kris la, premye nan tout kreyasyon an. (Kol 1:15)
- Nou remèsye w nan tout sikonstans pandan n ap obsève w k'ap travay nan lavi nou.
- Gran gras ou a revele devan je nou atravè Jezi ki se Kris la, espwa nou an.
- Bondye, nou priye pou lavi nou ak pou legliz la reflekte fason ou.

<sup>16</sup> *Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.* <sup>17</sup> *Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.*

**- 2 Timote 3:16-17**

- Seyè nou mete konfyans nou nan Pawòl ou a, Sent ekriti ou yo, enspirasyon Bondye a.
- Ede nou gen yon lespri ansèyman, chèche chemen ou pou tèt nou ak legliz la.
- Seyè, ede nou lapriyè, li, epi koute vwa ou.
- Bondye, se pou verite ou revele pou chak sitiyasyon an kapab devwale nan lapriyè, mèsè.

<sup>17</sup> *Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l' pou li ban nou Sentespri l' ki bay bon konprann ki moutre nou sa Bondye ap devwale nou an pou nou ka rive konnen l' byen.* <sup>18</sup> *Mwen mande l' pou l' louvri lespri nou, pou nou ka konnen kisa n'ap tann nan men Bondye ki rele nou an, ki vle di eritaj Bondye pwòmèt l'ap bay moun ki pou li yo, yon eritaj ki rich anpil, ki bèl anpil.* <sup>19</sup> *Mwen mande l' pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit.*

**- Efezyen 1:17-19a**

- Bondye Papa, mèsì dèske w te ban nou Lespri sajès ak revelasyon ke w te pwomèt la.
- Sentespri, ou se konseye nou, èd nou, ak defansè nou. Mèsì dèske w gide lavi nou ak gide legliz ou a.
- Nou sanktifye pa mwayen gras Sentespri a. Bondye, ou fidèl e nou rekonesan.
- Sentespri, mennen nou epi pale avèk nou sou plan w pou Legliz Nazareyen an nan jou k ap vini yo. Ede nou disène plan ou pou lavni nou.
- Seyè, pale avèk nou sou plan w yo ak volonte w, ede nou obeyi nan tout bagay.